

## Òf lekòl presegondè yo disponib!

Chè paran/responsab,

Bòn nouvèl—Si pitit ou a ap rantre nan lekòl presegondè otòn sa a, kounye a ou ka wè lèt òf li a nan [MySchools!](#) Si w te mande pou resevwa lèt òf ou a pa lapòs, n ap voye yon kopi enprime lèt li a nan adrès lakay ou semèn sa a pa lapòs tou. Lèt sa a gen ladan:

- **Òf lekòl presegondè pitit ou a:** Ou pa bezwen fè anyen pou w aksepte òf sa a, epi pitit ou a ka kòmanse ale nan pwogram sa a ann otòn.
- **Enfòmasyon sou nenpòt pwogram kote yo mete pitit ou a sou lisdatant:** Yo mete otomatikman sou lisdatant aplikan ki pa jwenn yon òf nan pwogram yo te bay plis priyorite sou aplikasyon yo a pase pwogram kote yo resevwa yon òf—gen plis enfòmasyon nan [schools.nyc.gov/Waitlists](#).
- **Sa pou fè apre ak kòman pou ajoute pitit ou a sou lòt lisdatant (pa obligatwa) lè yo ouvri lis la pita semèn sa a.** Si yon lekòl ka fè w yon òf sou lisdatant, y ap kontakte w dirèkteman; elèv ki resevwa yon òf sou lisdatant pral gen yon semèn pou aksepte l oswa refize l.

Gen plis enfòmasyon sou òf yo nan [schools.nyc.gov/Middle](#), ki gen seri video sou admisyon lekòl presegondè nou yo.

**Ou pa gen yon kont MySchools?** Ou ka jwenn òf pitit ou a nan men konseye lekòl aktyèl li a. Konseye lekòl yo ka ede w tou kreye oswa ale nan kont [MySchools](#) ou a.

## Ou gen kesyon? Nou la pou n ede w

- Pale avèk konseye pedagojik lekòl pitit ou a
- Rele nou nan 718-935-2009
- Kontakte yon [Sant Byenveni pou Fanmi \(Family Welcome Center, FWC\)](#)—Lè w ap fè sa, mete non ak dat nesans pitit ou a nan mesaj ou a: sa pèmèt nou ede w pi vit
- Apre lisdatant yo fin ouvri, jwenn sipò pou kesyon ou genyen sou lisdatant yo pa imèl nan [waitlists@schools.nyc.gov](mailto:waitlists@schools.nyc.gov)

Mèsi!

Ekip admisyon nan lekòl presegondè, Biwo enskripsyon elèv